**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети**

**ЗИЯДА ҚОЖЫҚБАЕВА**

# Қарақалпақ публицистикасында суд очерклери атамасында

методик колланба

Нөкис
«Қарақалпақстан»
2009

84 Қар 7
Қ 73
Қожықбаева З. Қарақалпақ публицистикасында суд очерклери.
Оқыў қолланба.   30 бет

Қарақалпақ публицистикасы изертлениўди талап ететуғын тың тараў. Ол қарақалпақ баспа сөзи менен байланыслы қәлиплесиў ҳәм раўажланыў жолына ийе. Қолыңыздағы оқыў қолланба суд очерклери ҳаққында илимий изертлеў. Онда суд очерклериниң тарийхы, басқа жанрлардан өзгешелиги, жаңалығы ҳаққында сөз етиледи.

Оқыў қолланба университеттиң журналистика қәнийгелигинде оқыйтуғын бакалаврлар ҳәм магистрлар ушын, сондай-ақ усы тараўға қызығыўшы кең жәмийетшилик ушын арналған.

**Пикир билдириўшилер:**

**Жумамуратова М** – филология илимлериниң кандидаты, доцент

**Бекбаулиев Д** – тарийх илимлериниң кандидаты

## Кирисиў

Газета бетлеринде дерлик ҳәр еки санның биринде «Суд очерки» деген Айдар менен жәрияланып атырған материаллар очерк жанрының да жетискенинен дерек береди.

Суд очерки жаңа жанр емес, ал очерктиң бир түри. Суд очерки ҳәр дайым кең жәмийетшиликтиң ишки дебдиўлеринен шығады. Бул дебдиў инсанның өз ҳуқық ҳәм миннетлеринебарып тақалады.

Жәмийетимизде жүз берип атырған өзгерислер инсанның өз ҳуқықларын тереңирек үйрениўге ийтермелеп отыр. Бул нызамлы қубылыс. Өйткени, жәмийетлик қарым-қатнаслар шийеленисип атырған дәўирде ҳәрким өз орнын, ҳуқықын, ўазыйпасын билиўге умтылады.

Усындай социаллық ҳәм экономикалық қарым-қатнаслар жәмийетте және бир қатнастың-ҳуқықый қарым-қатнастың зәрүрлигин көрсетип береди.

Ҳақыйқатында да, өз ғәрезсизлигине ерискен мәмлекетимизде өткен қысқа дәўир ишинде халық хожалығының барлық тараўларында сиясий, экономикалық, тарийхый өзгерислер жәмийетимизди түпкиликли жаңалаў, руўхый ҳәм мәдений қәдириятларымызды түпкиликли жаңалаў, руўхый ҳәм мәдений қәдириятларымызды тиклеў, ең баслысы халықтың социаллық абаданлығын арттырыў бойынша жүз берип атырған унамлы өзгерислер бәршемизди қуўандырады.

Әлбетте, бундай илгерлеўлер, раўажланыўлар биринши гезекте халқымыздың сиясий, ҳуқықый билимли, руўхый сана-сезими менен өлшенеди.

Сонлықтан да, журтымыз И.Каримов: «Тек руўхый саламат, күшли жәмийет ғана реформаларға таяр болыўы мүмкин»[1] - деп орынлы атап өткен.

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон иқтисодий ислоҳатларни чуқурлаштириш йўлида. Тошкент 1995. 147-бет.

## Жанрдың тийкарғы өзгешелиги

Ғәрезсизлигимиздиң өткен қысқа дәўиринде халқымыз санасында ҳәм ой-пикиринде кескин бурылыс жүз берди. Мийетимиз социаллық-сиясий, әдеп-икрамлылық ҳәм руўхый жақтан барған сайын жетилисти. Бул күнделикли турмысымызда да, мақсет ҳәм ўазыйпаларымызда да, пуқараларымыздың руўхый турмысында да өз көринисин таппақта. Адамлардың қәлбинде миллий мақтаныш ҳәм патриотизм сезими барған сайын күшейтилмекте.

Тап усындай әҳмийетли әдеп-икрам ҳәм руўхый жаңаланыўларда журналистлердиң ҳәм баспасөз хызметкерлериниң хызмети уллы жаңалықлар жаршысы, реформаларды үгит-нәсиятлаўшы, мәмлекет ҳәм жәмийет арасында қалыс хызметкер сыпатында олар турмыс машқалаларына әҳмийет берип қарайды ҳәм жасларды тәрбиялаўға белсене қатнасады.

Соңғы дәўирде әдебияттан гөри публицистика биринши планға көтерилди. Бул тәбийий процесс. Өйткени, илим ҳәм техника жетилискен бир дәўирде информацияға болған талап та күшейди, публицистиканың тәсир етиўшилик функциясы да артады.

Илимий изертлеўлер сонны көрсетеди, жәмийет қанша раўажланып жетилиссе, инсаният соншелли дәрежеде дүнья жаңалықларынан хабардар болыўға устылады, бул оның ең жоқарғы әрманына айланады. Бундай талпыныс жәмийеттеги және де кеңирек, тереңирек, оперативлик пенен сәўлелендириўдей ўазыйпа жүклейди.

Илимий пикирлерге сүйенер болсақ, журналистиканың баслы ўазыйпасы жәмийетлик пикирди қәлиплестириў, жәмийетлик турмысты сәўлелендириў, яғный жәмийетлик информация жыйнаў ҳәм оны аудиторияға жеткерип бериўден ибарат.

Ғалаба хабар қураллары үзликсиз рәўиште жәмийет турмысын сәўлелендириў, оны анализ қылыў ҳәм оған қайтадан тәсир етиў ўазыйпасын орынлап келеди.

Журналистиканың тәсиршеңлиги оның әҳмийетли тәрепи есапланады. Яғный жәмийетлик турмысқа тиккелей тәсир жасағанда ғана журналистиканың әҳмийети сезиледи. Басқаша етип айтқанда, баспа сөз жәмийетлик сана көриниси сыпатында жәмийетлик болмысты сәўлелендирип, оны билип, анализ етиў менен шекленбестен оған қайтадан тәсир көрсетиўи де лазым. Өйткени, журналистлик материаллар жазылып, басылып, оқылып, еситилип, көрилип ғана қалмастан жәмийетлик турмысты өзгеристе жасаўы керек.

Журналистиканың турмысқа тәсири еки түрде: тиккелей ҳәм мәжбүрий болады.

Тиккелей тәсир турмыс ўақыяларының сәўлелениўи ҳәм анализ арқалы оқыўшылар санасына, туйғыларына тәсир көрсетиў. Бул журналистлик материаллардың тәсиршеңлилиги, әҳмийетлилиги,

қызығарлығы, факти, дүзилиси, шеберлик пенен жазылғанына байланыслы.

Журналистиканың тәсиршеңлигине ерисиўде жәмийетлик пикирдиң қәлиплесиўи тийкарғы орынды тутады. Жәмийетшилик пикири-журналистиканың ҳәм оның тийкары болған публицистиканың баслы мәселеси.

Мине усындай жуўапкерли талап суд очерклери ушын да әҳмийетли есапланады. Өйткени, суд очерклеринде көтерилетуғын мәселе жәмийетлик әҳмийетке ийе болады. Ол жеке бир адамның жынайы иси емес. Оның артында сол адамның социаллық жағдайы, ол жасап өткен жәмийетлик орталық, ең баслысы жәмийетлик нызамлық бар. Ол сол нызамлықларды қалай ҳәм не ушын бузған? Тийкарғы айыпкер социаллық орталық па яки жәмийет пе? Жынаят қураллары нелер? Оны өзи саналы түрде орынлады ма? Оның руўхый дүньясы қандай?

Әлбетте, бундай сораўлар жәмийетлик нызам бузылғанда ғана қойылады. Солай екен, суд очерклериниң тийкарында жынаят емес, ал раўажланған жәмийетте жасап өсип атырған инсанның тәғдири жатыр. Ол жәмийетлик нызамлықлар орталығында өсиўине қарамастан, оны атлап өткен.

Өмирлик философия менен тәжрийбели шыға отырып, мынаны айтыўға болады: Ким жеңил табыс, ҳарам жол менен байлық жыйнаса, ол ҳәр қашан халықтың ғәзебине ушырайды. Ҳадал мийнети, маңлай тери менен таппай, урлық, дәмегөйлик пенен тапқан қаржысы ҳеш ўақытта бойына дарымайды. Жәмийет пенен ел-журтқа пайда келтирмейди.

## Суд очерки проблемалық очерктиң бир түри сыпатында

Өзиниң келешегин қурыўды ҳәм көриўди тилейтуғын ҳәр бир мәмлекет ямаса жәмийет биринши гезекте айқын миллий идеяға сүйениўи тийис. Өйткени, мәмлекетлик система, оны басқарыў ҳәм жүргизилип атырған сиясат бәринен бурын айқын билдирилген идеология тийкарында қурылыўы тийис. Өзбекстан Президенти И.А.Каримов бул бағдарда мәмлекетимиз зыялыларына былай деген еди:

«Биринши гезекте бизиң миллий идеямыз халықтың әсирлерден берли киятырған дәстүрлерине үрп-әдетлерине, оның тилине, динине, руўхыйлығына, халықтың миллий байлықларына, дүнья көз-қарасына ҳәм ой-пикирине тийкарланыўы тийис. Соның менен бирге ол ҳәзирги заманның улыўма адамгершилик байлықларын ҳәм жетискенликлерин қайтып өзинде сиңдире отырып, елимизде парахатшылық ҳәм келисимди беккемлеўге, Ўатанымыздың гүллениўине, халықтың мәплерине ҳәм абаданлығына етиўи тийис».

Бул ўазыйпалар журналистлеримиз ушын жәмийеттиң алдыңғы қатарында жүриўдей, оның алға қарай раўажланыўы ушын кесент келтириўши тосқынлықларды алып таслаўдай, машқалалардың шешимин табыўдай жуўапкерли ўазыйпалар жүкледи.

Күнделикли баспасөз бетлерин бетлей отырып журналистлеримиз инсан ҳуқықларын қорғаўдай ийгиликли нийетлерин ғәрезсизлигимизден алдын-ақ, яғный 80-жыллардың басынан берли атқарып атырғанының гүўасы боламыз. Жәмийетимизде шешилиўи тийис, барлық шешилмей атырған жағдайларды-проблемаларды алып шығып кең халық массасының алдына жайып таслаў, журналистлердиң алдында турған үлкен әҳмийетке ийе ўазыйпа ғана болып қалмастан, соларды әмелге асырыў ушын ҳәрекетке келтириўин дөңгелек болыўы ўақыттың талабы.

Проблема-улыўмалық планда түсиндиргенимизде-бул билмейтуғын нәрсени билиў, турмыстың қараңғы тәреплерин ашыўшы жол. Журналистлик турмыста проблема идеологиялық сиясий характерге ийе. Журналисттиң позициясында сәўлеленген сиясий мақсет тийкарғы проблеманың социаллық тәреплерин сызып көрсетеди, мәселениң шешилиўине тосқынлық етиўши тәреплери ҳәм оның жоллары ашылады.

Проблема бир факте емес, ал фактлер системасында сәўлеленеди. Фактке салыстырғанда проблема қурамалы структуралық мазмунға ийе. Проблема-көп фактлилик, идея, пикир таласының синтези. Бир факт яки ҳәдийсе туўралы көп пикирлер пайда болса, демек, бул проблема. Журналистика практикасында проблеманы үлкен еки топарға бөлиўге болады.

1. Илимий проблема.
2. Практикалық проблема.

Проблемалық очерклерди изертлеў барысы сонны көрсетеди, қарақалпақ очерклеринде проблемалардың ҳәр еки түри де ушырасады. Изертлеў объектимиз болған суд очерклери болса, проблемалық очерклердиң практикалық проблема топарына киреди.

Хош, проблемалық очерктиң баслы өзгешелиги қандай? Биз бул сораўға жуўапты Г.Төрееваның «Жаўынгер жанр ҳәм ўақыт талабы» деп аталған илимий мақаласынан табамыз.

«Проблемалық очеркте бизиң ертеңги келешегимиздиң зор келбетин кеңнен сүўретлеп, оған публицистикалық анализ жасалады. Очеркши өзин тереӊ ойландырған жәмийетлик проблемаға тийкарланып өзине қолайлы фактлерди таңлап алады. Тағы оған шығарманың сюжетин де бағындырады. Солай етип, проблемалық очеркте автор турмыстағы, өндиристеги жетискенликлеримизди, турмысымыздың алға илгерилеўлерин, раўажланыўымыздағы үлкен жәмийетлик ойларды ортаға салады. Бул жөниндеги автордың ҳәр тәреплеме, анық, тереӊ изертленген фактлери менен ҳүжжетлик материаллары, баҳалы пикирлери образ жасаўға мүмкиншилик береди. Әлбетте, бул очерк жазатуғын автордың өз шеберлигин, жыйнаған материалына көркемлик бериўине, оны турмысымыздың талабына сәйкеслендирип жаза билиўине байланыслы»[2].

Илимпаз тәрепинен проблемалық очерклерге қойылған бул талап оның бир түри болған суд очерклерине де тийисли. Өйткени, суд очерки турмыслық проблемалардан келип шығып жазылады. Басқа проблемалық очерклерден өзгешелиги суд очерклерин суд процессии өткеннен соң, яғный жынаят толық ашып болғаннан кейин жазыўға рухсат бериледи. Сонлықтан суд очерклерин жазыў ушын узақ ўақыт талап етиледи.

Турмыслық темаларды өз ишине қамтыйтуғын проблемалық очерклерди анализ барысында анықланған жетискенлик соннан ибарат, жазыўшы-журналистлеримиз жәмийетимизде болып атырған алға илгерилеўлерге кесент етиўши нәрселерден дыққатты шетке аўдармады. Керсинше, ҳәр қандай кемшиликтиң тийкарғы себеплерин ашыўға үлес қосты. Усы орында пайда болған суд очерклери туўралы айтпай өтиў мүмкин емес.

Суд очекрлери турмыслық ўақыялар, жынаятлар ҳаққында сөз етип кемшиликлерди ашып таслаўды мақсет етеди. Жынаяттың ақыбетлери, оның не менен жуўмақланғанлығы сөз етиледи.

Суд очерклериниң өзине тән өзгешелиги, ондағы сүўретленетуғын ўақыя суд процессии тийкарында болады. Яғный онда жынаятшының қылмысы сөз етиледи. Бул жағдай өз нәўбетинде журналисттен ҳуқыйқый билимге ийе болыўды, керек болса, тергеўши де, адвокат та, судья дәрежесинде пикир жүргизиўди талап етеди.

---

[2] «Әмиўдәрья» журналы. 1972. № 2 122-бет.

Суд очерклери ушын факт-жанлы ҳәрекет. Оны тек көре алыў, оған Жан Бере билиў керек. Ал фактти дөретиўши Адам. Оның мийнети арқасында ғана сол фактлердиң, цифрлардың айланысы келип шығады. Демек, суд очерклеринде де көркем образ, белгили дәўир ҳәм типик характерге ийе қаҳарман-адам бар. Соның менен бирге суд очеркинде мәңгилик те, көркемлик те, бүгинги күнниң шешилмеген мәселелерин ортаға таслап пикир алысыўды, жердиң, елдиң тәғдири көтерилип, жыллар өтиўи менен ондағы айтылған пикирлер илгери шығыўы керек.

Суд очерки автордың алдына үлкен ўазыйпа қояды. Ол суд барысында ўақыяларды тек баянлап ғана қоймастан, оған өзиниң қатнасын, пикирин билдиреди. Яғный пикир еркинлиги бериледи. Сонлықтан да оған оқыўшы алдында әдил тәрепи болыўдай жуўапкерли ўазыйпа жүкленген. Ең баслысы мәмлекеттеги нызам ҳәм Конституция тийкарланып ис жүргизиў шәрт.

Өзбекстанда пуқара ҳәм мәмлекет бир-бирине салыстырғанда ҳуқықлары ҳәм миннетлери менен байланысқан.

Мәмлекет өзиниң пуқаралары алдындағы ўазыйпаларын орынлап атыр, пуқаралардың еркинликлерин ҳәм ҳуқықларын ис жүзинде қорғамақта.

Сондай-ақ, пуқаралардың мәмлекет алдындағы миннетлери, ўазыйпалары белгилеп қойылған. Пуқаралар Конститутция ҳәм нызамларға бойсыныўы басқа адамлардың ҳуқықлары, еркинликлери, абырай ҳәм қәдир-қымбаттын ҳүрмет етиўи шәрт.

Инсан ҳуқықларын қорғаў барысында журналистлеримиз өз тәжрийбесине ийе. Ғалаба хабар қуралларының да әҳмийетли орны бар. Әсиресе, ғәрезсизликке ерискенимизден берли ҳуқық мәселесине айрықша дыққат қаратылды. Газета арқалы оқыўшы өзин қызықтырған сораўларға жуўа алады.

Мине усы сораўларға жуўап бериўде журналистлер ҳәр қыйлы усыл ҳәм формалардан пайдаланады. Суд очерклерин жазыўда да көркемлилик, образ, композициялық қурылыс, сюжет зәрүр болады.

Бирде белгили факт ҳаққында айтып бериў талап етилсе, екинши жағдайда үлгили тәжрийбе туўралы, үшиншиден теориялық жағдайды түсиндириў яки Адам характерин ашыўға туўра келеди. Мине сонлықтан өзине тән ҳәрқыйлы турақлы белгилерине ийе материаллар топламы келип шығады.

Лекин, бул нәрселердиң барлығы да бар нәрсе ушын яғный инсан ҳуқықларын қорғаў ушын қаратылған болады.

Биз инсан ҳуқықларын қорғаўда ғалаба хабар қуралларының тутқан орны, әҳмийети ҳаққында илимий жақтан изертлеў жүргизе отырып, баспа сөз тараўын тийкарғы дерек етип алдық. Өйткени, суд очерклериниң ең жақсы үлгилери де баспа сөзде өз көринисин таба алған.

Инсанның жәмийет алдындағы сиясий ҳуқықларын қорғаў журналистлер ушында жуўапкерли ўазыйпа саналады.

Пуқаралық ҳәм сиясий ҳуқықлар бойынша халық аралық пункттиң 9-статьясында:

«Жынайый айыплаў менен қамалған яки усланған ҳәр бир шахс тезлик пенен судья яки нызам бойынша суд ҳүкими әмелге асырыў ҳуқықы болған басқа мансабдор шахс алдын келтирилип ҳәм айыпланып атырған шахс, иси анық мүддетте судта көрилиўи яки азат етиў ҳуқықына ийе».

Демек, ҳәрқандай жағдайда да исти ақырына шекем анық көриў ҳәм жүргизиў ең тийкарғысы инсан ҳуқықларын қорғаў керек.

## Суд очерклериниң тарийхына нәзер

Қарақалпақ публицистикасында суд очерклериниң тарийхы узақ емес. Дәслепки ўақытта тергеў хызметкерлери, суд мәсләҳәтгөйлери ҳәм гейде жазыўшылар және журналистлер жазып келди.

Қарақалпақ әдебиятында елиўинши жылларда суд очерклери Айтбай Бекимбетовтың дөретиўшилик ислеринде ғана көрине баслады. Оның «Қупыя излер»[3] атлы суд очеркинде морализмге жат минез-қулықлар, арсыз урылардың ҳәрекети әшкараланады. Очерктеги жынаят себепкерлериниң ҳәр бир ислери, урлық пайытлары, милиция хызметкерлериниң жынаят исин ашыўдағы пуқта ҳәрекетлери исенимли ашып берилген.

Очерктиң унамлы шыққан жери сонда, күн тәртибиндеги әҳмийетли проблеманы Аша билиўинде. Булардың бириншиси, жынаятты сапластырыў, жынаятшыларды жазалаўдан гөри оның алдын алыў, болдырмаў жағдайларын дүзиў пайдалы ис. Ал жынаятты сапластырыўда жасларды жақсылыққа тәрбиялаўда милиция хызметкерлериниң ғана мүмкиншиликлери жеткиликсиз, оған жасларды да тартыў керек, деген усынысты ортаға таслайды.

Екиншиси, жасларға дурыс тәрбия, өз ўақтында жынаят ислеринен аўлаққа бағдарлаў келешектеги жақсы ислердиң басламасы. Сонлықтан да жас өспиримлер арасында тәрбия ислерин дыққатлы қадағалаўды қаншелли жақсы, тез апарсақ, соншелли утымлы, деген идея сезилип турады.

Очеркте автор мине усы еки проблеманы ортаға қояды, талқылайды, пикир жүритеди. Бул очерк суд очеркиниң бизиң публицистикамыздағы ең дәслепки көриниси еди.

[3] «Әмиўдәрья» журналы. 1958-жыл, №3.

80-жылларда баспа сөзимизде суд очерки көрине баслады. Олардың барлығы да әҳмийетли фактлерден қуралған, көркем, тәрбиялық әҳмийетли күшли, ҳәр тәреплеме саўатлы жазылған очерклер болды. Олардың ҳәр биринде биринши гезекте тәрбиялық әҳмийетке ийе.

Оразбай Әбдирахмановтың «Мырзашылықтың соңы»[4] атлы суд очерки бул жыллары суд очерклериниң ең жақсы үлгиси деп көрсетиўге болады. Очерк көплеген адамлар пир турып, ойланып жүрген «құдиретлилердиң» Ким екенлигин ҳәммеге таныстырды, олардың барлығының «бир саздың бөзи» екенлигин тастыйықлады. Очерк барысында автордың көп изленгенлигин, өзгеше сүўретлеў усылларын, сөз сарплаўдағы қәбилетиниң дараланып, туратуғынын сезиў мүмкин.

Автордың шеберлиги сонда, ол тек жынаят пенен айланысып қалмайды. Сол «шыпалы қолдың» құдирети медицина менен салыстырылып, өзгешеликлерин Аша биледи. Мысалы:

«Литва жақында ғана совет медицинасының жетискеншилигин дәлиллейтуғын әжайып бир ўақыяның гүўасы болған еди. Радвилигикеске жақын жердеги үйдиң биринде күтилмеген ҳәдийсе-үш жасар қыздың аяғын орақ дужырып кетти! Ол Рига ушқышларының жәдел жәрдеми менен Москваға келтирилди…» Оны Москвадағы микрохирург Рамаз Датиашвили операцияға жатқарып, кесилген аяқты орнына қайта құрастырды…

Ҳәзир оның аяқлары нормал раўажланып атыр. Қызалақ өзиниң қатарлары сыяқлы жиптен секирип ойнап жүр…

«Кеше, - деп хабар берди Вильнюстан шығатуғын «Кешки жаңалықлар» газетасы, - 2-сентябрь күни Раса биринши класстың босағасын атлады. Оның өмириндеги бул үлкен сәне менен кутлықлаў ушын Рамаз Датиашвили келди…»

Усы бес қатар кишкене ғана хабар мени суд мәжилисинен бетер толғандырады.

Өмиринше майыплыққа мунталла қызалаққа Москвада Рамаз Датиашвили ҳәм оның кәсиплеслери операция исследи…

Өмир ушын гүрес басланды. Расаның «тәй-тәй» басып қәдем атқан дәслепки қәдемлерине оның ата-анасы, доктор Рамаз ҳәм пүткил совет халқы қуўанысып атыр. …Абай өзи жек көрген «табақласларынан» өш алыў ушын Москвадан Пестренев, Седов, Бумешкин сыяқлы «шәкиртлерин», ал Берунийден ески «пир» и Мырзаны шақыртып, Вильнюсте аўыр жынаятқа қол урды. Ол Нийелиге «Талғаттың басын кес» деп пышақ берди.

Очерк оқыўшыға жеңил окылады. Оқыўшы гүрриң яки повесть оқып отырғандай сезинеди. Публицист өз шығармасын көркемлеў кураллары болған архаизмлерден, неологизмлерден, эпитетлерден, теңеўлерден,

[4] «Әмиўдәрья» журналы. 1987-жыл, №2

метафоралардан, символикалық, аллегориялық ҳәм де ирониялық сөзлерден шебер пайдаланған. Оразбай Әбдирахмановтың шығармасының басым көпшилигине сарказм тән нәрсе. Очеркте айрым үстиртинликлер де ушырасады. Автор ўақыяны бастан ақырына шекем баянлап келип, соң алдыңғы айтылған пикирлерди, ўақыяларды қаҳарманлардың тили менен бийкарлап жиберетуғын жағдайлар да ушырасады. Биринши гәп екинши гәпин бийкарлап турады. Мысал келтиремиз.

«Бул танысқан екеўиниң мақсети еле бир жерден шыққан жоқ еди.

Мырза ойлады: «-Бул сәтең кийинген оқымыслыдан келген адамнан маған қандай пайда түсиўи мүмкин? Бергени ғой еки манат. Жәнe ақыры басыма бәле болып жүрмесе, болғаны ғой…

Неде болса ҳүкиметтиң адамына усайды екен. Ақшалай болмаса абырой қәтереси менен бе жәрдем тиймес пе екен?».

Абай ойлайды: «-Мен дусласқан мола тәўип, дәрўишлердиң арасында ең саўатсыз, алағайым әбигери усы шығар. Адамзатқа не бар, турпат бар екен. Бирақ қыйт десең тура қашатуғын жасқаншақлығы да жоқ емес. Шамасы түсирими де шеп емес. Өзи де ийкемшил көринеди, бундайлардың топырағынан қәлеген ылайыңды соғып ала бересең. Ал бирақ саўат жағынан оны бираз тәрбиялаўға туўра келеди».

«Олар бир-бирин узақ сынасты, ҳәм ақыр соңында екеўиниң мақсети- тек мийнетсиз күн көрис болғанлықтан, тез арада түсинисип, «қыяметлик дос» болысты»[5].

Екинши мысал: «Енди Мырзабай өз алдына садақа сорайтуғын тәжрийбели дәрўишке айланды. Енди ўайс бабаны өзиниң «жумыс орнына» айландырды…»[6].

Бул жерде Мырза гөр саўатсыз, деп сүўретлеў менен бирге өзиниң басында еркинлиги жоқ ғәрип Адам етип көрсетиледи. Ал Мырзаның ойы арқалы (Абайға деген) оқыўшы оны ондай гөрсаўат, пәмсиз деп ойламайды. Ҳәтте оның ойларын да барып турған Сум, жалатай адамның пикирин көремиз.

«Мырзашылықтың соңы» суд очерки әҳмийетли пикирлерди көтерип шығарыў менен бирге жәмийетшиликте пикир туўғыза алған нағыз ўақтында жазылған шығарма.

Семьядағы тартыслы мәселеге арналған суд очерклери де пайда болды. Олардың екеўине тоқтап өтейик.

К.Назбергеновтың «Қастыянлық ямаса жынаят жазасыз қалмайды» суд очеркинде Паршагүл Темирханованың өзиниң күйеўи Рейипназар Әбдиғаниевты өзиниң иниси Махмудқа жаўызларша урып өлтиргенлигин сөз етиледи. Жынаят 1981-жылы 19-апрельде жүз Берген. Бул жынайый ис арадан үш жылдан жуўық ўақыт өткен де толық түрде ашылады. Автор

---

[5] «Әмиўдәрья» журналы. 1987-жыл, №2. 63-бет.
[6] Сонда. 57-бет.

очерктеги ўақыяларды избе-из қызықлы баянлай алған. Очерк суд ҳүкими менен тамамланады, ал ватордың жеке көз-қарасы берилмеген.

Василий Жуковтың «Сергизданлық, ямаса қалық мал қашанға шекем»[7]очеркинде қалың мал себепли бир хожалықтың бузылғанлығы, ҳақ инсанның атына дақ түскенлиги шеберлик пенен ашылған. Алланияз Мәтниязовтың тәғдириндеги ўақыялар избе-из баянланған, тили ықшам. Баянланған ўақыялар исенимли. Очерктиң актуллығы, ески иллетлердиң бүгинги заманласларымыз тәғдирине кери тәсирин ашып береди.

Ы.Жуковтың екинши суд очерки «Айыпсыз айыпдарлар, ямаса тергеўшини Ким тергейди»[8] деп аталады.

Очеркте Қоңырат районындағы тергеў орынлары төрт жас жигитти «Адам өлтирди» деп айыплағаны, жазықсыз еки жыл бес ай қамақта қыйналғанлығы ҳаққында сөз болады.

Автордың ўақыя барысын анализлеўи нәтийжесинде Адам тәғдирине бийпарўалық пенен қараған тергеў хызметкерлериниң наҳақ қылықлары дәллиленип, әшкараланады, истиң ҳақыйқый келбети ашылады. Очерк барысында автор өз бетинше изертлеў жумысларын алып барғанлығы сезиледи. Айыпкерлерге қойылған айып ҳәм ҳақыйқый факт Бирме-бир салыстырып изертленеди. Мысаллар келтиремиз:

«1984-жылы 30-декабрьде судланыўшы Хегай Олег, Әлий Сакинов, Артур Ақболаев, Дамир Шияповлар темир жол вокзалы қасындағы асханада өткерилген Қуўаныш Айымбетовтың тойында спиртли ишимлик ишкен. Төртеўи мәс болғаннан кейин ҳәжетханаға барыў ушын сыртқа шыққан. Көшеде олардың әдепсиз ҳәрекетлерин көрген бийтаныс жолаўшы тәртипке шақырады. Мине усы нәрсе олардың жынаят ислеўи ушын себеп болыпты. Судланыўшы Олег Хегай бийтаныс адамды сөкти. Шияпов пенен Ақболаев оған қосылды ҳәм бийтаныс жолаўшыны, яғный Зыямбетовты бир-еки муш пенен урып сабады. Зыямбетов контейнер майданшасын жағалап, локоматив депосы бетке қашты. Төртеўи изинен қуўып жетти ҳәм оны сабай баслады. Зыямбетов өлгеннен кейин Хегай менен Ақболаев оны яўйреп шалшық суўға апарып таслады. Өли дене 1985-жылы 1-январьда сол жерден табылды. Суд медицина эскпертизасының жуўмағын қарағанда Зыямбетов бас мийиниң ишинен жарақатланыўы ҳәм қабырғаларының сыныўы ақыбетинде қайтыс болған. Адам өлтиргеннен кейин жигитлер тойға қайтып келди. Бул жерде Дамир Шияпов Найла Замироваға дусласады ҳәм оны локоматив депосына алып барып оның менен жыныслық байланыс жасайды. Олар менен шекленип қалмайды. Шияпов және бир мәрте, бул сапары Ақболаев екеўи Замирова менен жанар май цехында жынислы байланыс жасайды».

Судланыўшылар милиция хызметкери тергеўди қадаған етилген метод пенен алып барғаны ушын мойнына алғанын айтып, айыпларын

[7] Сонда 1986-жыл. №2.
[8] Сонда 1987-жыл №10.

мойынламаған. Журналист ҳәдийсени өз бетинше изертлеп былайынша дәллилеп береди.

«суд медицина экспертизасы оның қанында 4,7 алкоголь примоли бар екенлигин анықлады. Ол өлер алдынан қатты мәс болған. Адам организиминде 5 примол алкоголь өлимге алып келетуғынын есапқа алатуғын болсақ, Зыямбетов өмириниң соңғы минутларында қандай жағдайда болғанын түсиниў қыйын емес. Биз бундай жағдайда ол тыррыйып жатып қалғанына яки ең зор болса еңбеклеп жүре алғанына исенемиз. Бирақ сондай аўҳалға түсип қалған Адам, айыпнамада айтылғанындай, басқаларды тәртипке шақырғанына исенбеймиз. Бундай адамның «ҳүжим» қылыўшылардан темир жол бойлап 500 метрге шекем қашып барғанын дәлиллеў пүткиллей артықмаш нәрсе. Зыямбетов денеси 1-январь күни азанда темир жол линиясына жақын жерден табылды. Оның аяқлары сым менен байлап қойылған, шалшық суўда жүзи төмен қараған ҳалда жатыр. Етиги менен шалбарын шешип алынған. Малақайы қапталында жатырған екен.

Жынаят излеў хызметкерлериниң орнында болғанымда, бундай ислерди тәжрийбели болмасам да, анық пикир жүргизген ҳәм дурыс жуўмақ шығарып, Адам өлтириўшини сол қайғылы түнде Зыямбетов жатып уйықлаған яки ол күндиз болған жерден излер едим. Оның аяқлары не ушын сым менен байланған? Өли денениузақтан көрип келген ҳәм қолай болыў ушын аяқларын байлаған шығар. Шешип алынған шалбар менен етикке келсек, жәбиркеш қай жерде болмасын, шешинип уйықлаған деп шамалаў мүмкин. Жынаятшылар жансыз денеге көйлек, пиджак кийгиземен дегенше қыйналған, шаршаған. Қалғанларын ҳеш қандай из қалдырмай ушын өликтиң қасына таслап кетиўге қарар қылған.

Жыгаят қыдырыў бөлиминиң хызметкерлери басларын қатырғысы келмеди. Олар өзлериниң абыройын төрт жас жигит есабынан сақлап қалыўға қарар етти…»[9]

Судланыўшы төрт жигит СССР Бас прокуроры, Өзбекстан ССР Бас прокуроры ҳәм Қарақалпақстан АССР Жоқары судының председателине былай деп жазады:

Олег Хегай: «Тергеў түнде физикалық күш қолланып алып барылды. Қолыма кисен салып қойып урды. Олар: «я саламатлығыңды сақлап қалып айыбыңа толық ықрар боласаң, я бизлер сени… биреўин таңлап ал»-дер еди. Олардың бундай методлары мени ҳәм мениң жолдасларымды жынаятты мойынлаўға мәжбүр етти.

Шияпов Дамир: - Сораў алыў ўақтында мени қатты урды, Адам өлтиргенимди мойынлаўға мәжбүр етти. Илажсыз қалғаным ушын қан тамырымды кести.

Жынаят ҳаққында нызам кодексинде:

---

[9] «Әмиўдәрья» журналы. 1988-жыл. №5, 90-бет.

«Егер жынаятты ислеген адам жәмийетке қәуипли тәрепине ҳәм оның ақыбетин биле тура ҳәрекет етсе, ямаса оны саналы түрде ислесе, бундай жынаят билқастан исленген жынаят деп табылады ҳәм нызамға муўапық жынаят жуўапкершилигине тартылады» (ӨзССР Жынаят кодекси, 6-бет) делинген.

Екинши мәртебе өткерилген Қарақалпақстан АССР Жоқарғы судының жынаятлы ислери бойынша суд коллегиясы «төрт жигитти жүз Берген жынаяттағы қатнасы тастыйықланбағаны ушын ақлаўға ҳүким шығарды».[10]

Очерктиң тили жеңил. Бақлаў, анализлеў нәтийжесинде ўақыялар избе-из сүўретленип, конфликтлер терең ашылған.

Беруний районлық халық судының председатели М.Тәжибаев ҳәм жазыўшы А.Ахметовтың «Оймақшылар»[11] очеркинде сөз етилетуғын ўақыя басқаша. Онда Парахат Жәлменов, Мөмин ҳәм Ражапбай атлы жигитлердиң оймақ ойнап адамларды алдап мийнетсиз пул табыўы, ата-аналарын тыңламағанлықлары ҳәм жолда ушырасқан М. ҳәм Э. исимли қызлардың зорлап намысына тийиўлери айтылады. Очеркте дөретиўшилик, излениўшилик көринбейди. Қурғақ баянлаўлар, узыннан-узақ диалог, монологлар оқыўшыларды зериктирип жибереди.

Усы пикирлерди С.Ембергеновтың «Өкиниш»[12] очерки ҳаққында да айтыў мүмкин. Автор тек суд процессиндеги ўақыялар менен шекленген, очерк суд ҳүкими менен жуўмақланады. Жынаятқа қол урыўдың тийкарғы себеплери ашылмаған.

Мийнетсиз табыс табыўға умтылғанлардың жынаятларын әшкаралайтуғын суд очерклери қатарына Раджапов ҳәм Казбековтың «Жалаңқаяның жазасы»[13], Т.Худайбергеновтың «Түйени түги мемен жутқан адам»[14] очерклерин атап өтиў орынлы. Бул очерклердиң ҳәр биринде «қыңыры истиң қырық жылдан кейин де ашылатуғынын» түсиндириў мақсет етилген, Авторлар жынаяттың барысын тек баянлаўшылар сыпатында көринеди, оларды таллаў, пикир жүргизиў ушыраспайды, сонлықтан бундай очерклер тек оқыўға жарап, кейин умыт болатуғын дөретпелер, деп ойлаймыз.

Сонны айрықша айтып өтиўимиз керек, суд очерклери қарақалпақ публицистикасында әҳмийетли тараў. Ол проблемалық очерклердиң жүзеге келиўи менен пайда болды. Суд очерклерин жазыў үлкен дөретиўшилик шеберликти, ҳуқыйқый билимди ҳәм нызам қорғаўшыларының иси бойынша мол тәжрийбелерди талап етеди.

---

[10] Сонда. 102-бет.
[11] «Әмиўдәрья» журналы. 1988-жыл. №9.

[12] «Совет Қарақалпақстан» газетасы 1987-жыл. №203.
[13] Сонда. 1988-жыл.
[14] «Әмиўдәрья» журналы. 1986-жыл. №7.

Суд очерклериниң баслы талабы соннан ибарат, бул бар фактти бурмаламай көрсетиў. Жынаят барысын изертлегенде тек ҳәдийселердиң избе-излигин сақлап ғана қоймай, соған сәйкес оны орынлаған шахстың социаллық жағдайын, руўхый кейпиятын бир сөз бенен айтқанда, инсаный ҳуқықларына да рәўшанлық киргизиў. Бул бағдарда журналисттиң жеке позициясы да әҳмийетли есапланады.

Демек, суд очерклери Еркин дөретиўшилик процесс. Онда журналист фактлер үстинде изертлеў жүргизиў, анализ жасап, жуўмақ ислеўи мүмкин. Оның ҳуқыйқый, илимий билимлери, дөретиўшилик шеберлиги ашылады.

Усы орында суд очеркин Ким жазыў керек? Деген орынлы сораў туўылады.

Изертлеў барысы сонны көрсетеди, нызам хызметкерлерине салыстырғанда журналист ҳәм жазыўшылар тәрепинен жазылған суд очерклери жанрдың талабына сай, көркемлик дәрежеси бар, композициялық қурылысы ҳәр тәреплеме, тәсиршеңлиги ҳәм тәрбиялық әҳмийети менен ажыралып турады.

Сонлықтан да жумысымыздың кейинги бөлиминде журналистлеримиз қәлеминен дөреген, көркемлик дәрежеси жоқары суд очерклери туўралы сөз етемиз.

## Соңғы жылларда қарақалпақ журналистикасындағы жетискенликлер

Публицистика жанрлары тарийхына нәзер аўдарсақ, ҳәр бир дәўирдиң өзгешеликлери ҳәм де талапларынан келип шығып оларда да жаңаша қәдем және өзгерислер жүз береди.

Ғәрезсизлигимиздиң қолға кириўи менен журналистлер алдына жаңа бағдарда - дәўир менен ҳәм нәпес болыўдай ўазыйпа жүкленди. Елимизде алып барылып атырған түпкиликли реформалардың өзи тийкарынан улыўма инсаныйлық қәдириятларды жақсылаўға қаратылған болып мәмлекетлик сиясаттың ең баслы бағдарламаларының бири сыпатында көриниске ийе. Сонлықтан да, мәмлекет тәрепинен алып барылып атырған ҳәр бир сиясаттың қоллап-қуўатлаўшысы ғалаба хабар қураллары болып табылады.

Мейли ол, республикалық, тармақлық яки районлық баспа сөз, радио яки телетармағы болсын, олардың ҳәр биринде улыўма инсанлық қәдириятлар туўралы сөз болады. Өзбекстан Республикасы ғәрезсиз мәмлекет сыпатында бой тиклеп ҳуқыйқый демократиялық жәмийет қурыўдың ең дәслепки тасын қалаған күннен баслап-ақ инсан ҳуқықларын раўажландырыўды баслы реформалардың бири етип қойды.

Инсан мәплерин қорғаў елимизде жасаўшы ҳәр бир пуқараның руўхый дүньясын байытыў жолы менен олардың экономикалық, сиясый саўатлылығын арттырыў. «Мен келешеги уллы мәмлекеттиң

перзентимен», деген патриотлық сезим менен жасаўға үйретиў, усы арқалы мәдениятты, тарийхты, илим ҳәм техниканы заман талабына сай раўажландырыў, ғәрезсиз елимизди дүньяның ең раўажланған мәмлекетлери қатарына қосыўдай уллы ҳәм саўаплы ислердиң әмелде ис жүзине аса баслаўы журналистиканың да алға илгерлеўине кең мүмкиншилик жаратып берди.

Өзбекстан журналистикасы қатарына Қарақалпақстан журналистикасында қатар жетискенликлер жүз берди. Республикалық көлемде шығарылып турған «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана», «Қарақалпақстан жаслары», «Жеткеншек», «Аму тонги» газеталары, «Ғәзийне», «Қарақалпақстан», «Ғумша», «Қарлығаш», «Арал қызлары» журналлары қәлиплести ҳәм тараўлық бағдарда журналистиканың раўажланыўына мүмкиншилик жаратты. Оларда улыўма инсан қәдириятларын улығлайтуғын, терең философиялық, педагогикалық тәрбиялық характердеги мақалаларға кең орын берилген. Бул материаллардың авторлары түрли тараўдан журналистлер, илимпаз-тарийхшылар, әдебиятшылар, философлар, шыпакерлер, қурылысшылар, студентлер. Булардың барлығы жәмийетимизде демократиялық қатнасықлардың ең ҳәўиж алғанынан дерек береди. Ең баслысы:

-Елимизде тынышлық сақлаў жолындағы;

-Дослықты, интернационалистлик, гуманистлик көз-қарасты қәлиплестириў бағдарындағы;

-Экономикалық реформалардың Дүнья жүзлик стандартқа жуўап беретуғын концепцияларын ислеп шығыў арқалы басқышпа-басқыш раўажланыўдың жоқары шыңына жетисиў саласындағы;

-Руўхыйлық ҳәм ағартыўшылықтың ата-бабаларымыз тутқан жолларын терең үйрениў арқалы жаслардың санасында Ўатанға, елге болған патриотлық сезимлерин тәрбиялаўды қатаң әмелге асырыў жолы менен ҳәр бир пуқараның саналы пикирлеўге, келешекке үлкен исеним менен қараўға тәрбиялаў тийкарындағы;

-Ата-бабалараымыздың бай тарийхый мийрасларын үйрениў ҳәм оларды бүгинги жасларымыздың жарқын келешеги ушын пайдаланыў мақсетиндеги;

-Дүньялық ең раўажланған мәмлекетлериндеги илим, мәдений орайларына талантлы жасларды жибериў арқалы илимий-техникалық прогресстиң соңғы жетискенликлерин елимиздиң экономикалық, мәдений салаларына сиңдириў арқалы дүньялық цивилизацияның раўажланыўына үлес қосыў бағдарындағы;

-Дүньяның раўажланған мәмлекетлери менен бирге ислеўлерди жолға қойыў, елимиздиң ишки ҳәм сыртқы ресурсларынан өнимли пайдаланып дүньялық бағдарда өзиниң гиреўли орнына ийе болыўдай келешек әўлад ушын қайырлы ҳәм саўаплы ислерди көрсетсек болады. Булардың барлығы

ғәрезсизликке ерискен қысқа дәўир ишинде биз қолға киргизген уллы табыслар деп қарасақ қәтелеспеймиз.

Биз жоқарыда сөз етип өткен ҳәрбир тараў бирақ баспа сөзимиздиң нәзеринен шетте қалған емес. Өйткени, ҳәзирги дәўирде идея тийкарында миллий идеологияны келешек әўладлар санасына сиңдириў журналистлеримиздиң буны сезинген ҳалда үлкен жуўапкершилик пенен ҳәрекет етип атыр.

Ҳақыйқатында бизлер ҳәзир оғада қыйын дәўирди басымыздан кеширип отырмыз. Тек экономикалық турмыста емес, бизиң санамыз ҳәм ойымызда да терең жаңаланыў процесслери, өзгерислер болып атыр. Бул жолда адамлардың санасында ески дәўирден сақланып қалған бағыныў ҳәм ғәрезсизлик ақыбетлерин ҳәр қыйлы қарым-қатнасықларды, ал гейде ашықтан ашық душпанлық кейиплерди сапластыра отырып алға илгерилеп атырғанымызды хеш Ким бийкарламайды.

Жәмийетимиздеги өзгерислерди түсиндириў ҳәм соған сәйкес оның раўажланыўына кесент келтириўши тосқынлықларды ашып таслаўдай жуўапкерли ўазыйпа журналистлеримизге жүкленди. Бул бағдарда олар публицистиканың барлық жанрларынан өнимли пайдаланады.

Әсиресе, «Суд залынан», «Суд очерки» рубрикаларының баспа сөз бетлеринде турақласып барыўы, газета оқыўшыларының санасында өз ҳуқықларын билиўге ҳәм үйрениўге тийкар болды.

Соңғы жылларда жазылған сул очерклери талантлы журналистлеримиздиң қәлемине тийисли болып, оларда турмыстың айрым машқалалары тийкар етип алынған. Машқалаларды жеңиў жолындағы инсанның руўхый дүньясы, ишки кеширмелери ашылады. Усылай суд очерклери арқалы журналистлеримиз турмыс сабақларын бериўди нийет еткен.

Анализге тартылған суд очерклерине нәзер аўдарсақ, барлық суд очерклери бир мәселеге-тәрбия мәселесине барып тақалады. Әсиресе, оларда ҳаял-қызлар темасы көбирек көтерилген. Бул орынлы да. Өйткени, ҳәрбир жәмийеттиң өсип раўажланыўында халықтың ең нәзик қатламы ҳаял-қызлар әҳмийетли орында турады. Олар халық хожалығының түрли тараўларында ислеп атыр. Кәсиптиң үлкен кишиси де, аўыр жеңили де оларды тәшиўишлендирмейди. Керисинше, үлкен көтериңкилик, жаңаша пәт пенен ислеп атырған ҳаял-қызларымыз көпшиликти қурайды.

Бирақ тилекке қарсы айрым аналар өзлериниң ҳаяллық-аналық ўазыйпаларын умыта баслады. Себеби, қолынан гүл төгилген шебер, пал тамған аспаз, тили шийрин дилўар деп түсинемиз, оларды заманагөй, жәмийетлик искер, тракторшы, врач, жазыўшы, илимпаз, бригадир яки шаққан теримши сыпатында көргимиз келеди. Олардың жалт еткен талантын көриўден көклерге көтерип мақтадық. Бирақ бизиң гүлдей нәзик ҳаял-қызларымыздың ден саўлығы буны көтере ме? Соңғы ўақытта бул теманың Жан күйерлери де табылып қалды.

Тәрбия мәселеси, ол қайсы тараўда болмасын, қайсы мәмлекетте айтылмасын, әҳмийетли есапланады. Әсиресе, семьяда қызлар тәрбиясы мәмлекетлик көлемде тийкарғы мәселелердиң бири. Усы бағдарда «Еркин Қарақалпақстан», «Қарақалпақстан жаслары», «Адам ҳәм нызам» газеталары бир қанша жумыслар ислеп атыр. Семья, тәрбия, әдеп-икрамлылық темаларына арналған проблемалық публицистикалық, суд очерклери де жарық көрди. Олардың айрымларына тоқтап өтейик.

«Қарақалпақстан жаслары» газетасы бул бағдарда бираз тәжрийбеси бар. Газетадан орын алған Ә.Бекбергенованың «Дәртиме ким дәрман болар?», Қ.Баятовтың «Изимнен бармайды ғой», М.Алламуратовтың «Тәўбеге келмеген ҳаял», суд очерклери мазмуны жағынан бир-бирине жүд уқсас. Оларда бир семьяда жасап турып жәбиркеш болып атырған аянышлы тәғдирлер бар. Бул жақсы жағдай емес. Өйткени, келешекке физикалық ҳәм руўхый жақтан саламат, өз мақсетлери жолында жаўынгер. Өз кәсибиниң маманы болған инсанларды тәрбиялаўдай ўазыйпа бәршемизге жүкленген. жоқарыда аты көрсетилген үш суд очеркиниң тек биреўин-М.Алламуратовтың «Тәўбеге келмеген ҳаял» суд очеркин анализлер көрейик.

«Тәўбегекелмеген ҳаял» суд очерки 1998-жылы, 5-июнь №23 (6904) санында «Қарақалпақстан жаслары» газетасында жарық көрди.

«Ол және суд қара күрсисине отырды. Және алдын ала тергеўи, әдетке айланып баратырған ақырғы сөз айтыў жазасы, жазаны қатты режимли мийнет дүзетиў колониясында өтеў белгиленип, бас шарасы қамақ ҳалына қалдырылды».

Очерк мине усылай басланады. Автор суд процессиниң үйреншикли избе-излигин баянлап оқыўшыларды тарта алыў уқыбына ийе. Ол қандай жынаят ислеген, деген сораў өз-өзинен туўралы анық. Оқыўшы белгисиз қаҳарманды көриўге умтылады.

Автор композиялық шеберлик пенен бай сюжетлерден пайдаланып тийкарғы ўақыяны сүўретлеўге өтеди:

«Набийра 1986-жылы жас өсипирим қызды зорлап намысына тийиўде қатнасқаны ушын сегиз жыл еркинен айрылған. Соңы амнисития менен шығарылған. Бирақ өз шүкиршилигин айтып дурыс жолдан жүриўдиң орнына және бир жынаятқа қол урады.

Набийра өзиниң алдыңғы өмиринен бийхабар, ҳаялы өмирден ерте көз жумып, еки баласы менен қалған, мөмин, ийи бослаў, мийнеткеш колхоз механизаторын ушыратып, пайтты қолдан жибермей турмысқа шығып алды. Бастан бир-еки жыл хожалықты еки арыстың бири ретинде күйеўи менен хожалық ғалма-ғалына аяқ қосып сүйрей баслады. Жетимлердиң маңлайларынан сыйпалаған болды. Бирақ нәрестелердиң қуўанышы узаққа созылмады. Үлкен өгей қызы Дилфуза таң атқаннан күн батқанға шекем сол хожалықтың оты менен кирип, күли менен шыға баслады».

Келтирилген мысалда көринип турғанындай, автор және бир инсан тәғдири туўралы сөз етпекши. Оның басында түсежақ мүсийбетлерди бир ғана «Бирақ» сөзи менен түсиндириледи.

«Дилфуза үйдиң жумысларынан шыға алмай оқыўдан да төменлеп кетти. Соған қарамастан өгей анасына отырса опақ, турса сопақ бола берди. Тез-тез неге бала жылай береди, үйге неге қарамайсаң, қамырды неге тез ийлемейсең, аўқат неге писпейди, деген сылтаўлар менен тез-тез өгей анасынан оқлаў жейтуғын болды.

Денелерине көк түсгенше таяқ жесе де әкесине билдирмей жасырып жүрди. Бирақ бул оның менен тоқтамады. Күнлердиң биринде өгей анасының үйреншикли оқлаўы және төбесинде ойнады. Бул азлық еткендей таң атар атпастан 29-апрель күни азанда және таяқ жеди. Бул сапар оқлаў орнын темир ийелеген еди, тийисли үйреншикли таяғын жеп болып Дилфуза қудыққа суў алыўға кетти. Бирақ таяқлардың зардабынан шығанағынан былай исип кеткенликтен суў шелекти көтере алмады. Ал үйине қайтпаўғада жүреги даўамады.

Кешке шекем күнниң бәҳәрги ызғырығында жалғыз жемпир менен жалаң аяқ аўыл шетинде шығынып кетип далада жүрди. Кеште денесиндеги аўырыў күшейип аўыл шетиндеги үйдиң қорасына сүйенди Оны сол үйде жасаўшы ишки ислер бөлими хызметкери таўып алып, жағдайын көрип тиккелей емлеўханаға алып келди».

Қандай аянышлы жағдай, Сум тәғдир! Автор таңлаған темасындағы тийкарғы мақсети тек ғана Дилфузаның тәғдирин баянлаў ғана емес, ал очерк басында қара күрсиде отырған ҳаял ҳәм оның жынайый ислерин ашыў болды. Бул мақсетине ерисиўде ўақыяның баянланыўы менен избе-излиги, оның тәсиршеңлиги де әҳмийетли рол атқарады. Әлбетте, ҳәр қандай газета оқыўшысы очерк басында басланған муд процессиниң не менен тамамланғанлығын билгиси келеди. Автор усы жуўмақлаўшы бөлимде Н.Абдижаилованың қамаққа алынғанлығын хабарлайды. Усылай етип өгей анна тәрепинен исленген жаўызлыққа соңғы ноқат қойды.

Дәмегөйлик те жаман иллети. Артықша пул табыўды мақсет етип өз перзенлерине Адам өлтириўдей жынаятқа баслаған анна образы Жуманияз Өтениязовтың «Аты өшкен шаңарақ» суд очеркинде ашылады[15].

Очерк басында Нөкис қаласындағы ең үлкен «Мебель» дүканының баслығы Зерхан Саменованың портрети жасалады.

«Узын бойлы қара пәреңнен келген, еркек адамдай ғайратлы Зерхан апаны көпшилик қарыйдарлар «пулға қызықпайды, затынды өз пулына береди» деп ҳүрмет етеди. «Мебель» дүканына Ташкенте ҳәм басқа да мебель фабрикаларынан туўры зат келеди. Бул мебельлерди тез сатып жиберип ўақтында шәртнаманы орынланыўы менен, тамыр-таныслардың мүтәжин питкерген Зерханның абыройы ерте түсти. Күн көриси көптен

[15] «Қарақалпақстан жаслары» газетасы. 1996-жыл. 23-декабрь.

ағза, жеңил машинасы, қаланың орайында даңғырлаған меншик жайы бар. Оның бул табысын ҳарамнан жыйған дүнья деп те айтыўға болмайды, ол «кеўлине қудай берген» деген гәп туўры келеди».

Очеркте Зерхан образы менен қатар қызы Гүлайды, улы Көбей образлары да бар. Семьядағы барлық жумыслар ананың көрсетпеси менен исленеди. Автор тәрбия мәселесиниң усы тәрепин анасы Зерхан образына үлкен күш берип сүўретлей алған. Очеркте көп сюжетлилик бар. Оларда жаслардың күн көриси, дүнья қарасы, ишки кеширмелери бериледи. Анна образы арқалы тәрбияның бағдары ашылады. Мысаллар келтиремиз. Қартайғанда пул жақын бола мА, зықналығы басымлаў болып баратыр. Көбейдиң Қазақстанға бирге зат шығаратуғын Хожелиши танысы Сайытов оларға сексен мың сом қарызын Бере алмай жүр. Усының өзине жүдә жәбир бергендей билип, есине түссе көтерилип кетеди.

Бары-жоғын тартып ал, нәлетийдиң!-деди бир күни Зерхан пәтленип. Маған алып кел, өзим сөйлесиўди үйретип қояман, сизлердей симилтирлерге!-деп баласына ҳәм оның еки жорасы Раўаж бенен Серманға ғыжақ берди. –Ҳаў, сизлерге пәнт беретуғын Ким өзи сол жалатай? Үстемлик берди деп, маңқыйып отырғанша, машыны үйдиң алдына тартып қоймайсыз ба? Әне, сонда өзи ушын әкелип береди ғой алған пулын. Мен сизлердей болғанымда ўәде Берген тилин суўырып алар едим, сол ийтширкинниң!»

Әлбетте, бундай тәрбия, ғыжақ бериўлер жаңа жынаятқа салынған дәслепки жол еме пе? Конфликтти шийеленистире отырып автор нәўбеттеги жынаяттың басланыўын баянлайды. Ал жынаяттың изин қалай жасырады? Усы орында Зерхан жаўыз ҳәм реҳимсиз роли менен тилге киреди.

«...Көбей анасы Зерханға «Сәлменди урып едик, өлип қалды!» деп хабарлады. Күни менен пулын ойлап отырған Зерхан Сәлменди мендей бир ананың баласы еди ғой деп жаны ашымады, өзи барып көрмеди, яки «тез жәрдем» шақырмады.

-Онда шеригин де гүм етип, бир жаққа апарып таслаң!-деди адамгершилик, миймандослық шәртлерин умытқан үйи бийкеси».

«...Улының қолын қанға бояған, ишинде ақлық шаўлығы өсип-өниўи дәркар болған қәсийетли иморатқа, қәстерли мийманханаға адам қаны төгилиўи себепши болған, қартайғанда алжасқан Зерхан бул денени Сәлменниң «Газ-24»ниң багажнигине салдырады..»

Мысаллардан көринип турғанындай, ҳәр еки жынаяттың орынланыўында да анасы Зерханның көрсетпеси болған. Анна перзентин жынаят жолына баслап атыр. Еситкен қулаққа ерси, жәмийет ушын жат иллет!

Суд очерки автордың үлкен излениўшилик пенен ислеген дөретиўшилик мийнети екенлиги сезилип тур. Таңлаған тема да автордың баслы мақсети де очеркте ақырына жеткерилген. Очерктиң тили жеңил,

көп сюжетлилик оның композициялық қурылысын байытып тур. Очерк көркем шығармаларға тән әдебий тилде баянлайды. Көп фактлиликтиң орнын көркемлик пенен толтыра алған. Әлбетте, булар автордың көркем сөзден пайдаланыў шеберлигинен дәрек береди.

## Суд очерклериндеги жаңа қәдемлер

Анализ барысы сонны көрсетеди, соңғы жылларда қарақалпақ баспасөзинде жәрияланып отырған суд очерклери таңлаған темасының актуаллығы, көркемлик дәрежеси, дөретиўшилик шеберлиги менен бир қанша жақсы жетилискен. Оларда күнниң темасы айқын сезиледи, образлар толық ашылған, тили, жеңил, тәрбиялық әҳмийети үлкен. Бунын өзи суд очерклерин жазыўшылардың жетилискенинен дерек береди. Ең баслысы авторлар ҳуқық қорғаў уйымларының барлық тәртип нызамларынан хабардар екенлиги қуўантады. Себеби, халқымыз «Шымшық сойса да қассап сойсын» деген гәпти бийкарға айтпаған.

Себеби, халқымыз «Шымшық сойса да қассап сойсын» деген гәпти бийкарға айтпаған.

Биз анализге тартқан очерклер қатарында бир ўақыя тийкарында бир неше суд очерклериниң жазылған факти де ушырасты. Ҳәммени ләрзеге келтирип албырататуғын ўақыя Қоңыратта жүз Берген.

«14-сентябрь күни саат $10^{\underline{00}}$да Қоңырат қаласы Әжинияз поселкасында жасаўшы бес жасар бала Айдос, төрт жасар Гүлбаныў, еки жасар Айжамал Есболғановлар ойнап жүрип 500 метр қашықлықта жайласқан мал шаңлақтағы ҳаўызға түсип кетип қайтыс болған. Тергеў-изертлеў жуўмақлары нәтийжеси бойынша оларды анасы Жамал өтирген еди»[16]

Бул қайғылы ўақыя бойынша үш автор суд очеркин жазыўға еристи. Булар Өмирбий Өтеўлиевтиң «Анна баласын өлтирмесин» («Еркин Қарақалпақстан» газетасы. 1998-жыл, 18-март), Жуманияз Өтениязовтың «Ойсызлық» («Адам ҳәм нызам» газетасы. 1995-жыл, 12-декабрь), ҳәм Мурад Колонхонның «Испад» («Адолат» газетасы 1996-жыл, 10-март) суд очерклери есапланады.

Таңлап алынған тема, факт-биреў, жоқарыда келтирилген Қарақалпақстан Республикасы ишки ислери министрлигиниң баспа сөз орайының мағлыўматы. Оны ҳәр бир үш журналист өзлериниң дөретиўшилик уқыбына сай сәўлелендириўге ҳәрекет еткен. Дәслеп суд очерклерине қойылған темаларға нәзер аўдарайық. Ҳәр үш авторда суд очерклери бойынша қәлеми ысылған журналистлер. Олар биринши нәўбетте өз мақсетлерин нәзерге алған ҳалда тема қойған.

[16] «Еркин Қарақалпақстан». 20-сентябрь, 1998-ж.

Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер майоры Жуманияз Өтениязов бул ўақыяны «Ойсызлық» деп баҳалайды. Мысаллардан көринип турғанындай, ҳәр еки жынаяттың орынланыўында да анасы Зерханның көрсетпеси болған ал «Адолат» газетасының хабаршысы Мурад Калонхон ҳаял-ана атына түскен дақ деп қаралап «Иснод» деп атаған. «Еркин Қарақалпақстан» газетасының хабаршысы Өмирбай Өтеўлиев болса, «Анна баласын өлтирмесин» деп ҳүким шығарып, усы мақсетте инсан ҳуқықларының қорғалыў ҳәм бузылыў жағдайларын изертлейди.

Усы тийкарда бизлер бир фактиң үш журналист дөретиўшилигинде ашылыў жағдайларын изертлеўди мақсет етти.

Ж.Өтениязов очерк жазыўда ең әпиўайы форманы таңлап алған. Ол баянлаў усылында ўақыялардың избе-излигин келтирген ҳәм фактлерди дизип көрсетеди. Ол суд-очеркинен гөри әпиўайы мақалаға, басқаша етип айтқанда, ишки ислер бөлими хызметкериниң есабатына уқсап кетеди. Дурыс, таңлаған тема толық ашылған, автор өз мақсетинде ерискен, бирақ бул еле-очерки емес. Онда конфликт, образлық бояўлар, қаҳарман психологиясы жетилиспейди.

Мурод Колонхон суд очеркинде сәўбетлесиў технологиясын шебер пайланаған. Жынаятшы менен, оның күйеўи Кәримбай менен, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Судының судьясы Г.Базарбаева менен сәўбетлер жүргизеди. Усы тийкарда жынаяттың мотивин, характерин, себебин билдиреди, дүньяда Анна ең қүдиретли, кәраматлы инсан екенлигин уқтырады, басқаларды бундай жолдан сақланыўға шақырады. Суд очеркинде пикир-монологлар көп, пикирлер ҳәр қыйлы, ең баслысы турмыс машқаласы ашылады.

Ө.Өтеўлиев таңлаған темасына сай пикирлеў кеңлиги де өзгеше.

Ол жынаяттың келип шығыў мотивлерин Жамалдың ишки психологиясын ашыў менен анықлаўға урынады. Онда руўхый кеширмелер терең драматизм менен берилген. Ҳәр бир фактке ҳәм инсаныйлық ҳәм ҳуқықый көз-қарастан баҳа береди. Бирден жуўмақ шығармайды, пикир-усынысларын ортаға таслап оқыўшының ойланыўына имканият жаратар, оның қыялында ўақыя көринисин сәўлелендиреди. Сонлықтан болса керек, оның қойған темасы суд ҳүкимине уқсас келеди, ериксиз айыплаўға, ҳүким шығарыўға емес, ал ойланыўға мәжбүр етеди.

Суд очеркинде аяқ асты болған инсан өмири, өмирден биймезгил көз жумған нәрестелер сөз болады. Лекин, усы жерде тек ғана жамалды емес, ўақыяның келип шығыўына себепкер инсанлар (күйеўи, қайын енеси) да жуўапқа тартылыўы керек еди. Себеби перзентлердиң әкесизлиги себеп пе яки басқа ма ўақыя толық анализлениўи керек еди. Туўры Жамал адам өлтиргени ушын жуўапкер болады. Бирақ анасы ажыратты мА ери бас тартты ма, ғарез ол хожалығы бузылған ушын бул жынаятқа қол урды. Әне усылардың барлығы ҳуқықты билмеўшилик салдарынан келип шықты.

Усы тийкарда автор ҳуқықымызды үйрениўимиз керек, деген усынысты оқыўшыларға таслайды.

Көрип өткенимиздей, бир фактти түрлише талқылаў, баянлаў, сәўлелендириў мүмкин екен. Бул тек журналистлик шеберликке, анализге ҳәм авторлық позицияға байланыслы.

Суд очеркинде авторлық позицияда әҳмийетли есапланады. Өйткени, онда автордың ҳуқыйқый билими, руўхый дүньясы, жәмийетлик пикири жәмленген болады. Авторлық позиция арқалы оқыўшы суд очеркин жазыўдағы баслы мақсетти, оның тәрбиялық әҳмийетин билип алады.

Усы орында «Еркин Қарақалпақстан» газетасының хабаршысы П.Хожамуратованың «Жазмыштан озмиш жоқ дейди, бирақ...» деп аталған суд очеркине нәзериңизди аўдармақшымыз.[17] Автор Гиппократ антына қыянет еткен медицина хызметкерлериниң өз исине немқурайды қатнас жасаўының нәтийжесинде орны толмас өкинишлер жүз берип атырғанлығын күйиниш пенен жазады. Тийкарғы ўақыяға келетуғын болсақ, 1999-жылы 7-февраль күни Нөкис қаласының турғыны Арыслан Ҳәбибуллаев өз үйинде ағаш жонатуғын станокта жумыс ислеп атырғанда шеп көзинен зақымланады. Оның анасы $17^{\underline{30}}$лар шамасында Нөкис қалалық Республикалық көз кеселликлери емлеўханасына алып келгенде нәўбетши врач жоқ болып шығады. Мийирбийкелер «Нәўбетши врачты ҳәзир шақырамыз» деп Арысланның көзин жуўып қояды. Сонша ўақыт өткени менен нәўбетши шыпакерден дерек болмайды. Ақыры мийирбийкелерден нәўбетши врачты таўып бериўин талап еткенинде «Нәўбетши врач көлик болмаса келе алмайды, оған жиберетуғын көлик жоқ» деп жуўап береди. Баласының қулындағы даўысы шығып атырғанына қыйналған Амангүл апа такси тутып, ҳәзир ақшасы жоқлығын, пулын кейин төлейтуғынын айтып ант-суў ишсе де оны тыңлайтуғын бенде болмайды. Соның арасында күйеўи де келип көлик таўып нәўбетши врачты үйинен барып алып келеди. Ол Арысланды көре сала «Операция ислеймен» деп турып алады ҳәм операцияны тез арада питкереди ҳәм оның Арысланның ата-анасы әкелген машинасы менен үйине апарып қайтады.

Бул операциядан соң Арысланның аўырыўы қайтадан күшейип кетеди. Амангүл апа емлеўхананың екинши бөлиминиң баслығы Б.Жәлимбетовқа баласының жағдайын айтады. Б.Жәлимбетов оны көрип болып екинши көзине де операция ислеў кереклигин, биринши операцияда тигилген көздиң сабақлары сөтилип кеткенлигин айтады. Арысланның жағдайы екинши операциядан соң биротала аўырласты. Врач Б.Жәлимбетовтан сораса «бул көз деген өзи солай аўырады» деп жуўап береди. Арадан бир ай өтип Арысланның еки көзи де көрмей қалады. Анасы бул жағдайды емлеўши шыпакер Г.Мамбетназароваға айтқанда: «Оң көзинде бәле жоқ»-дейди оның сөзин өре бастырмай бир ярым айдан

[17] «Еркин Қарақалпақстан» газетасы. 2000-жыл. 6-январь.

соң оны майыплық топарға шығарыуым керек. Бир ҳәпте үйиңизде дем алсын, кейин әкелерсиз.

Бир ҳәптеден соң 23-март күни усы емлеўхана жанындағы поликлиника шыпакери Сабыр Исмайыловқа әкелип көрсеткенинде «Ўаҳ-әй, мына көзине де өтип кетипти-аў» деп шығып кетип бас шыпакердиң орынбасары менен Б.Жәлимбетовты ертип келеди ҳәм Арысланды қайтадан емлеўди буйырады. Бирақ ҳеш бир емниң пайдасы тиймейди. Шыпакерлердиң бийпарўалығына ҳайран қаласаң, 47 күнге шекем көзди рентгенге түсирмей, ишинде не барын билмей қуры қыйнап сонша ем ислегени, шалалығы кейинги операцияда мәлим болады. Арысланның шеп көзи алып тасланды. Негизинде Арысланның шеп көзиниң алмасына 2х9 миллиметр метал сынығы кирген екен. Шыпакерлердиң жуўапкерсизлиги, бийпәрўалығына ғәзеби қайнаған А.Балтабаева Президенттиң атына хат жоллайды. Буннан соң Ташкенттеги профессорлар келип, Арысланды қайтадан емлей баслаған. Бирақ Арыслан айрым шыпакерлердиң «кеўлиң хош болса көзиң тәўир болып кетеди, деген ақылы менен усы емлеўханада операция болып атырған қызды алып қашады. Ал ертеңине көзи биротола көрмей қалады. Ол және емлеўханаға түседи. Буннан кейинги шыпакерлердиң бийпәрўалығына шыдамай А.Сапарбаева дәслеп Республика прокуратурасына, соңынан Нөкис қаласы прокуратурасына арза жазады. Нөкис қалалық прокуратурасы болса судмедэкспертизаның жуўмақлары бойынша шыпакерлер дурыс емлеген, Арыслан дәслептен-ақ аўыр жарақат алған, деген шешимге келген деп бул ўақыяда жынаят қурамы болмағанлықтан көз кеселликлери емлеўханасы шыпакерлерине басынан кеширген моральлық зыяны ушын 600 мың, ал материаллық ушын 300 мың сом өндирип бериў ҳаққында арза жазған.

Суд мәжилисин басқарған Нөкис қалалық судының баслығы Ж.Қощанова исти ҳәр тәреплеме үйренип шығып судтың әдил шешимин қабыл еткен. Ҳәзир Арыслан биринши топар майыбы.

Автор суд-очеркте ҳәзирги күнде айрым медицина хызметкерлериниң өз исине жуўапкерсизлик пенен үстиртин қараўының нәтийжесинде инсан өмирин қәўип астында қалдырып, оны бир өмир көз шамшырағынан айырып майып болып қалыў дәрежесине шекемги болған ҳәдийселерди ашық айдын, анық дәлиллер тийкарында жазған. Ол көз кеселликлери емлеўханасының шыпакерлериниң бул үлкен кемшилигин жуўапкерсизлик, қала берди ең жаман иллет «дәмегөйлик» деп есаплайды.

Бизиң пикиримизше, операцияны билип-билмей ислеген шыпакерлер нызам алдында жазаланыўы керек. Себеби еле Арыслaндай болып қыйналғанлар алдына жәрдем сорап барғанда өткен қәтеликлерди тәкирарламасына Ким кепиллик береди.

Жазылыўы усылына қарап дәрежесине көтериле алмаған дурыс, автордың излениўшилиги бар. Ол ўақыяны баянлаўшы болып, оның избе-излигин сақлап, ўақыяға айрықша бояў берместен сүўретлейди. Мақалада

врачтың айыбынан гөри Арысланның айыбы бардай көринеди. Автор тийкарғы проблемадан аўлақ кетип Арысланның жеке тәғдирине кеўил болып кеткен. Еки мәртебе избе-из операцияға түскен бийтаптың аўҳалынан гөри оның жеке тәғдири биринши планға шығып кеткен. Нөкис қалалық судының бийлигин келтириў менен автор шыпакерлерди ақлап шығады. Авторлық позиция бул орында тийкарғы метадан аўысып кеткендей. «Жазмыштан озмыш жоқ дейди, бирақ» мақаласы автордың қәлеминде Арыслан Ҳабибуллаевтың өмиринде бурылыс жасаған ўақыяға арналған болса да, сол ўақыяны сүўретлеўде бир қанша әззиликлер сезиледи.

Бириншиден, сол операция өтиў барысындағы ҳәм оннан кейинги врачлардың итибарсызлығы еле де өткир тилде берилиў керек еди.

Екиншиден, Арысланның үйине келгеннен кейинги жағдайлары ашылмаған.

Үшиншиден, қызды алып қашыўын мақалаға киргизиўдиң кереги жоқ. Ол керсинше, Арысланды алдын ойламайтуғын бийпәрўа етип көрсетип тур.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Ҳуқыйқый демократиялық жәмийет қурыў - Ғәрезсизлигимиздиң баслы мақсетлериниң бири. Бул бағдарда мәмлекетимизде басланып атырған экономикалық реформаларда өз сәўлелениўин тапқан. Әсиресе, халықтың руўхый дүньясын байытыў әҳмийетли есапланады. Усы бағдарда Президентимиз И.А.Каримов былай деп атап өткен еди:

«… Адамлардың сана-сезимин, ой-өрисин өзгертиў, турып қалған қайталаўларды бузыў оғада әҳмийетли. Ҳәр бир басқышта адамлардың ойлаўын таярлап, ҳақыйқый ис пенен адамларды жаңа системаның артықмашылығына исендире отырып басқа еллерде жүз жыллар бойы дүзилген нәрсеге ерисиўге болады»[18].

Ҳақыйқатында да бизиң жәмийетимиз өзиниң раўажланыўының үлкен бурылысында турыпты. Ол бурылыс кең масштабта: экономикалық, экологиялық, социаллық салаларда ғана емес, бизиң сана сезимимизде де жүз бермекте.

Бул жолда адамлардың санасында ески дәўирден сақланып қалған бағыныў ҳәм ғәрезсизлик ақыбетлерин, ҳәр қыйлы қарым қатнасықларды, ал гейде ашықтан-ашық душпанлық кейиплерди бийкарламайды.

Жәмийетимизде усындай унамлы өзгерислердиң жүз бериўинде ғалаба хабар қуралларының орны айрықша. Әсиресе баспа сөз халықтың ең жақын сырласы, досты дәрежесине көтериледи.

Халқымыздың сиясий сана сезимин, руўхый дүньясын арттырыўда редакция жәмәәтлери, журналистлер тәрепинен жаңа рубрикалар ашылды. Усы орында баспа сөз бетлеринде «Суд залынан», «Суд очерки» рубрикаларының қайта пайда болыўы, очерк жанрының баспа сөз бетинде қайта туўылыўына имканият бергенлигин атап өтиў орынлы.

Суд очерки журналисттен үлкен сиясий ҳәм ҳуқыйқый билимди талап етеди. Биз соңғы жылларда қарақалпақ баспа сөзинде жәрияланған суд очерклерин анализге тарттық. Анализ барысында төмендеги жуўмаққа келдик:

1. Суд очеркиниң өзине тән өзгешелиги-ондағы сөз етилетуғын ўақыя суд процессии тийкарында болады. Оны ашып бериў ушын журналисттен ҳуқыйқый билим талап етиледи.
2. Суд очерки ушын факт-жанлы ҳәрекет. Демек, ҳәдийселердиң избе-излилигин, сюжетлер бирлигин, композициялық қурылысын жетилистириў керек. Бул журналистти дөретиўшилик шеберликти талап етеди.
3. Суд очерки автордың алдына ўазыйпа қояды. Бул ўазыйпа оқыўшы алдында әдил төреши болыў жуўапкершилиги. Ол суд барысында

[18] Каримов И.А. Өзбекстан өзиниң жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы. Нөкис. 1993. 84-бет.

ўақыяларды тек баянлап ғана қоймастан, оған өзиниң қатнасын, пикирин билдиреди. Яғный пикир еркинлиги бериледи.

4. Өткен әсирдиң соңғы он жылында ҳәм XXI әсирдиң басында суд-очерклери өз алдына жанр сыпатында қәлиплести.

Себеби:

а) Журналистлер, баспа сөз хызметкерлери суд процесслерине тиккелей қатнаса алды. Олар суд мәсләҳәтшылары болып хызмет баслады.

б) Ишки ислер ўәзирлигиниң баспа сөз орайына журналистлер де жумысқа тартылды.

в) Тараўлық газеталар қатарында республикалық көлемде «Ғәрезсизлик ҳәм нызам», «Тынышлық сақшысы» газеталары шыға баслады.

5. Суд очеркин жазыўшы журналистлер қәлиплести. Олар тек күнделикли баспа сөзде көринип қалмастан, арнаўлы топламлар шығарыўға еристи. Ө.Өтеўлиевтың «Жаза ҳәм ҳүким», Ж.Өтениязовтың «Тынышлық сақшысы», «Үстирттеги айқас» очерклер топламларын сөзимиздиң дәлили сыпатында көрсетиўимиз мүмкин.
6. Суд очерклери тематикалық жақтан жетилисти. Оларда турмыстың түрли машқалалары ашылды. Усы тийкарда ҳуқық қорғаў хызметкерлериниң машақатлы мийнетлери өз сәўлелениўин тапты.
7. Суд очерклеринде жынаяттың келип шығыў себеплери жынаят мотивлери нәзик журналистлик талқыға алынды, анализленди. Нәтийжеде суд-очерклериниң тәрбиялық әҳмийети жетилисти.
8. Суд очерклери жынаятшылыққа қарсы үгит-нәсиятлаў жумыслары ушын хызмет етпекте. Өйткени, жынаяттың түри көп, ал жәмийет биреў.

Ҳәр бир адам өз ҳуқықларын айқын ҳәм анық рәўшан билиўи, олардан саўатлылық пенен пайдалана алыўы, өз ҳуқықларын қорғап ҳәм таңлап шығыўлары лазым. Буның ушын ең әўели халқымыздың ҳуқыйқый, сиясий ҳәм мәдений саўатлылығын арттырыў зәрүр.

Ғалаба хабар қураллары социаллық турмысымыздағы демократиялық принциплердиң еркинлесиўинде, қәдириятларын ҳәм миллийлик қорғаўда, адамлардың сиясий, ҳуқыйқый ҳәм экономикалық сапасын принциплестириў бойынша белсене жумыс алып барып атыр.

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ**

1. Каримов И. Өзбекстанның өз жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы. Нөкис, 1993.

2. Каримов И. Юксак маънавият- енгилмас куч. Тошкент, Маънавият. 2008.
3. Каримов И. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Тошкент, 1996 й.
4. Ўзбекистон Республикаси Конститутциясы. Тошкент, 1992.
5. Қурбанов С.Ш., Салиев Т.М. Янгича таффакур ва ҳозирги Дуне. Тошкент, 1991.
6. Төреева Г. Жаўынгер жанр ҳәм ўақыт талабы. «Әмиўдәрья» журналы. 1972. №2
7. Мухаммадиев Ғ. Ўзбек совет публицистикаси. Тошкент, 1976 й.
8. Муминов Ф. Журналистика самородорлиги. Тошкент 1994 й.
9. Пронин Е.И. Печать и общественное мнение. Москва, 1978 й.
10. Худайқулов М. Матбуот ва жамият. Тошкент, 1976 й.
11. Тоғаев О. Қаҳармон-ижтимоий ходиса. Тошкент, 1985 й.
12. Өтеўлиев Ө. Жаза ҳәм ҳүким. Нөкис «Қарақалпақстан», 1998 ж.
13. Өтениязов Ж. «Тынышлық сақшысы» Нөкис. «Қарақалпақстан» 2000 ж.
14. Өтениязов Ж. Үстирттеги айқас. Нөкис. «Қарақалпақстан» 2002 ж.